

# TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA - GKJ AMBARRUKMA

16 NOVEMBER 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

Pepanthen Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Symbol : Prau+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan,  
Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

**Liturgos** : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Enem Mbelas November Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (16 November 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “*Sampun Ngantos Purun Kasasaraken*” badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita .....

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Sanga, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 59 : 1 + 2), “Pinujia Tansah Allah Mamirah”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Pinujia tansah Allah Mamirah,  
kang gung tresna nira mring salir titah.  
Tyang dosa duraka sinung apura,  
tinebus sing pati temah basuki

Refr:  
Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!  
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
Pasrah maring Allah srana pracaya  
margining waluya tentrem raharja.

- (2) Pinuji slaminya Allah Matresna, kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,  
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat, mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.....Refr:

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)*

### 3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

*(Pasamuwan Jumeneng)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 | i . 5 7 | i . 5 4 | 3 . ||**  
**A - min, A - min, A - min.**

*(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)*

### 4. **Sabda Introitus**

**Lektor** : Introitus kapethik saking: **2 Tesalonika 3: 6, 11–13**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih ing tetunggilanipun Gusti Yesus. Sabdanipun Gusti ndayani kita sami tansah tumindak kabecikan ing gesang menika.

Sumangga sesarengan kita repenaken kidung kanthi sukarena, **Kidung Lami Satus Sekawan Dasa, pada Setunggal lan Kalih (Kidung Lami 140 : 1 + 2), “Tansah Bingah”**

- |     |   |   |
|-----|---|---|
| (1) | Tyas kita dimen slamanya<br>Bungah asukarena<br>Dene Sang Rama ning swarga<br>Nganggep putra mring kita | <u>Refr:</u><br>Mara tansah abebungah<br>Sabene dina antuk trang<br>Dalaning urip endah apadhang<br>Mara tansah den girang. |
|-----|---|---|

- (2) Hyang Agung kang njangkung kita, rineksa ing panggoda  
Sih rahmatnya kang anglipur, paring kuwat santosa.....Refr:

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Yesaya 1: 16-18**

7. **Pacawisan Pamratobat**

**Imam :** "Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti sampun paring dhawuh tumrap kita sami supados kita tansah nebihaken diri saking panggawenira ingkang ala lan mboten damel piala. Ananging kita kadhawuhan sami sinau kayekten, ngudi ing kaadilan, saha ngendhaleni tiyang ingkang ambek siya. Sesarengan kita nyamektakaken manah nyawisaken pandonga pamratobat kanthi pepujen **Kidung Lami Satus Sekawan Dasa Kalih, pada Setunggal, Tiga lan Pitu (Kidung Lami 142 : 1, 3 lan 7), "Kidung Panelangsa"**

(1) Dhateng pundi Gusti kula  
Klangenaning tyas mami  
Dhateng pundi ta purugnya  
Pundi nggen kula nglari ?

(3) Sakelangkung susah kula  
De tinilar Pamarta  
Tyas kula tan saged lilih  
Lamun dereng pinanggya.

(7) Adhuh Gusti tuking lipur  
Mugi wangsul mring kula  
Kula badhe ngestokaken  
Prentah Tuwan sadaya.

8. **Pandonga Pamratobat**

**Imam :** "Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

"Pinuji-pujia Gusti ingkah nitahaken jagat sak isinipun. Puji panuwun sokur konjuk ing Ngarsa Paduka Gusti. Gusti ingkang tansah mboten nate nilaraken kawula, pakaryan Paduka. Gusti ingkang dados pangungsen saha karosan kawula. Ing wekdal pangibadah enjang menika Gusti, ing penalabgsaning manah kawula awit ngakeni sedaya pandamel dosa kawula. Kawula tiyang inga nista saha jember ing Ngarsa Paduka. Pramila Gusti, kawula nyuwun apunten awit sedaya dosa-dosa kawula menika. Nyuwun panganthi, pepadhang, saha panuntuning Sang Roh Suci tansah nyarengi anggen kawula sami nglajengaken gesang. Ing jagat ingkang peteng, ing satengahing ombyaking gesang ingkang kebak éwah-éwahan, kawula saged tansah waspada tumrap sakathahing piwucal ingkang nasar. Matemah kawula saged tatag lan mboten gampil dipun sasaraken.

Linambaran sih katresnan ing rah kurbananipun Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin."

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar :  
Pangandharing Toret 30 : 15-18**

## 10. Kidung Kasanggeman

**Liturgos** : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti Allah sampun paring pitedah supados kita sami tansah tresna marang Gusti Allah sarta lumampah miturut pitedahipun Gusti. Tansah netepi pepaken sarta prasetyanipun, supados gesang kita sami tansah lestari lan dipun berkahi dening Gusti.

Sesarengan kita ngaturaken wangsulan kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Sekawan Dasa (KPJ 440)**, “**Kawula Tinuntuna**”..... dipun kidungaken kaping kalih lan pasamuwan kula aturi jumeneng

Kawula tinuntuna pasrah nyawa mring Paduka;  
tyang kasar lampahnya, wit krana dosanya.  
Awis ingkang angopeni sarta sami preduli;  
kawula kaparengna nyebar Injil suci.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken **Lukas 21: 5-19**

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

**Pasamuwan:**  $\overline{1\ 1} \mid 3\ 3 \cdot \overline{3\ 3} \mid 5\ 5\ 0\ \overline{5\ 5} \mid 6 \cdot 5\ 4 \mid 3 \cdot \cdot$   
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

d) Pandhita : Paladosan Khotbah

e) Irah-irahan: “**Sampun Ngantos Purun Kasasaraken**”

f) Ancas : Pasamuwan dipun ajak tansah waspada tumrap sakathahing piwucal ingkang nasar lan kanthi pepadhanging Roh Suci saged tatag lan mboten gampil dipun sasarak dening mesias-mesias palsu.

g) Wekdal Ening.

## 12. Pisungsung

**Imam** : “Pasamuwan ingkang tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Kamirahan tuwin linuberipun berkah saking Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Pramila minangka cihnaning raos sokur kita dumateng Gusti, sesarengan kita badhe ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang nersakaken caos pisungsum kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsum kapethik saking serat **Ibrani bab Tiga Welas ayat Sanga a lan Gangsal Welas (Ibrani 13: 9a, 15)** ingkang mekaten suraosipun:

*“Kowe aja padha nganti kena diblasukake dening piwulang warna-warna liyane. Kang iku payo kita padha tansah saos kurban pamuji sokur marang Gusti Allah lumantar Panjenengane, iya iku kang arupa wohing lambe kang ngluhurake asmane.”*

Kita aturaken pisungsum wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitung Dasa, pada Setunggal dumugi Sekawan (KPJ 170 : 1 - 4), “Lubering Berkah Sing Gusti”**

- (1) Lubering berkah sing Gusti, yeku prajanji suci;  
urip mulya aneng swarga, pinaringken Sang Putra.  
Refr:  
Berkahing Gusti, iku dak anti anti,  
sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.
- (2) Lubering berkah sing Gusti, dadya seger uripku  
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu.....Refr:
- (3) Lubering berkah sing Gusti, iku kang daksesuwun;  
"Aparinga luber agung, maring umat sadarum!" .....Refr:
- (4) Lubering berkah sing Gusti, iku kang kita anti;  
atiku tansah binuka, dianggal kaparingna! .....Refr:

### 13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,

- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa/Ibu Pandhita ..... lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami tansah waspada tumrap sakathahing piwucal ingkang nasar lan kanthi pepadhanging Roh Suci saged tatag lan mboten gampil dipun sasaraken dening mesias-mesias palsu.

Kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Tigang Dasa Enem, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 436 : 1 + 2), “Gusti Nuntun Lampah Kula”**

- (1) Gusti nuntun lampah kula,  
saklangkung nggèn kula begja  
Celak miwah tebih ugi,  
kula tansah dipun kanthi

Refr:

Nggih Gusti kang nganthi kula,  
astanya pyambak kang ngreksa  
Mila kula manut Gusti,  
Juru wilujeng sejati.

- (2) Dadosa ing wanci siyang punapa kesaput ratri,  
tyas peteng utawi padhang, kula tansah dipun kanthi.....Refr:

- 17. Liturgos :** “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”